

PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans sou pwoteksyon
sante moun kap viv ak jèm SIDA**

3



PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans sou pwoteksyon
sante moun kap viv ak jèm SIDA**



Objektif :

Nan finisman seyans sa a, tout patisipan ap kapab :

- Di ki prekosyon pou pran pou pwoteje sante yo
- Fè diferans ant chak kategori manje
- Site pou piti 2 manje ki an tre nan chak kategori
- Eksplike kòman yo manje
- Site pou pi piti 2 pwoblèm yo ka genyen ki ka anpeche moun kap viv ak jem SIDA a manje



Dire dyalog la: 2zèdtan edmi

Dewoulman seyans lan

1. Fè entwodiksyon (10 minit)

Lè seyans lan fèk kòmanse:

- Di patisipan yo bonjou, mande yo kouman yo ye, kouman fanmiy yo ye
- Di yo jan ou kontan la avèk yo yon lòt fwa ankò
- Mande yo chita an wonn dekwa pou youn kapab wè lòt
- Mande yon patisipan ki vle kòmanse fè rezime pwen enpòtan ki te diskite nan seyans anvan-an.
- Mande de lòt volontè fin fè rezime a
- Koriye oswa konplete sa patisipan yo di yo si sa nesèsè
- Di yo ki sijè ki pwal diskite jodi a epi prezante objektif yo

2. Bwase lide sou prekosyon pou pwoteje sante (30 minit)

Animatè a ap fè patisipan yo sonje moun kap viva k jèm SIDA yo frajil anpil fòk yo veye sou tèt pou yo kapab rete ansante. Lap mande chak moun di yonn oswa de prekosyon li dwe pran pou pwoteje sante l.

- Ankouraje tout moun pale pou bay dizon yo
- Mande lòt animatè a pran nèt
- Koute repons yo ak atansyon
- Fè yon ti ranmase epi pote tout prezizyon ki nesesè pandan wap touche pwèn sa yo : evite dwòg ak alkòl, repoze, dòmi, byen mange, chache sipò fanmi ak pwòch, patisipe nan gwoup sipò.
- Apresa di patisipan yo mèsi pou patispasyon yo.



3. Bwase lide sou fason moun manje (60 minit)

Animatè a ap di patisipan yo li enpòtan anpil pou yo byen manje dekwa pou yo rete ansante. Nan seyans sa nou pwal gade kijan pou nou byen manje.

Animate a ap poze patisipan yo kesyon sa yo. Lap louvri liv: “Bonjan abitud nan manje ak liyèn” nan paj 9 epi li mande patisipan yo :

- Kisa nou wè nan foto sa?
- Kiyès nan manje sa yo nou pa konn manje?
- Lè nap manje yo, èske nou melanje yo?
- Si nou melanje yo, kòmam nou fè sa ?
- Poukisa li enpòtan pou nou manje divès kalite manje ?
- Ki avantaj chak gwoup manje sa yo genyen ?
- Poukisa moun kap viv ak jèm SIDA dwe manje plis ?

- *Kisa ki kapab anpeche moun kap viv ak jèm SIDA a manje nòmalmman?*

Lòt animatè te prepare gran fèy papye li davans konsa :
Li te ekri chak kesyon byen bèl nan tèt yon gran fèy papye. Pandan bwase lide a lap ekri tout lide patisipan yo bay pou chak kesyon nan fèy papye ki koresponn ak kesyon an.

Animatè a tann tout repons yo fin ekri sou gran fèy papye epi li fè yon ranmase sou yo, youn apre lòt.

Lap itilize repons sa yo pou ede l nan kesyon 5 rive kesyon 8

Kesyon 4: *Poukisa li enpòtan pou w manje divès kalite manje ?*

- o Maje anpil kalite manje pwoteje kò a tout jan*
- o Chak lè wap manje, toujou mete twa kalite manje yo*
- o Okenn kalite manje sa yo pa kont pou tèt pa yo. Fòk ou marye yo youn ak lòt*

Kesyon 5: *Ki avantaj chak gwoup manje sa yo genyen?*

Manje ki bay fòs:

- o Diri, mayi, pititmi, bannan n, lwuil, bè, pistach, manma, sik ak swo*

Manje ki konstwi kò:

- o Vyan n poul, pwason, akamil, ze, lèt, pwa ak lòt ankò*

Manje ki pwoteje kò:

o Mango, melon, zepina, tomat, chou

Kesyon 6 : Sa sa vle di byen manje?

Pou anpil moun, byen manje vle di manje vant deboutonnen, tankou manje yon gwo plat diri oubyen yon gwo plat mayi. Men se pa sa sèlman.

Yon moun byen manje, se lè li melanje ansanm 3 kalite manje nou sot pale yo chak fwa lap manje (manje maten, manje midi, manje aswè). Sa vle di nan asyèt li, li gen yon manje ki bay fòs, youn ki konstwi kò ak youn ki pwoteje kò.

Kesyon 7 : Pou kisa moun kap viv ak jèm SIDA a dwe manje plis ?

Jèm SIDA tèlman sakaje kò a se poutèt sa li mande l pou l gen plis fòs, plis vitamin ak plis minewo. Moun kap viv ak jèm sa a gen plis chans pou soufri malnutri-syon paske kò yo mande plis fòs, yo manke apeti epitou, maladi fasil pou rantre sou yo

Kesyon 8 : Kisa ki kapab anpeche moun kap viv ak jèm SIDA a manje nòmalman?

Moun kap viv ak jèm SIDA kapab prezante kèk ti pwoblèm tankou, dyare, gwo kè, ti bouton nan bouch, pèdi apeti. Si w wè ou gen ti pwoblèm sa yo, se pou w chache chimen doktè, eksplike l yo pou l kapab jwen n remèd pou yo

4. Rafrechi memwa (15 minit)

- *Mande chak patisipan di yon bagay li sonje nan tout sa ki te diskite nan seyans jodia*
- *Tout moun dwe pale*
- *Aprè yo fin pale korije sa yo di ki pa fin korèk yo epi ajoute sa ki manke dekwa pou tout pwen enpòtan ki te diskite yo parèt*

5. *Tablo chanjman (10 minit)*

- *Fè patisipan yo sonje bi dyalòg yo, se pou ede moun adopte konpòtman ki pi bon pou sante yo ak fanmi yo, zanmi yo.*
- *Bay chak patisipan yon tablo chanjman*
- *Eksplike yo sa tablo a ye epi kijan pou yo byen ranpli l*
- *Fè yonn oswa de patisipan re pran eksplikasyon yo*
- *Di patisipan yo ranpli tablo a selon jan yo santi yo aprè seyans la*
- *Ba yo tan pou yo ranpli tablo a si yo vle fè sa tousuit.*
- *Di yo yo kapab ranpli tablo a lakay yo tou si yo vle epi tounen ak li nan lòt seyans la*

6. *Evalyasyon (10minit)*

- *Eksplike patisipan yo nou pral evalye seyans ki fèt jodiya pou nou wè sa ki te byen fèt ak sa ki merite amelyore. Tout moun dwe bay dizon yo. Lide yo ap ede nou fè lòt seyans yo pi byen. Evalyasyon an ap fèt nan bouch patisipan yo pa gen pou yo ekri anyen. Men animatè a dwe pran nòt nan kaye li.*
- *Mande patisipan yo èske yo te satisfè de seyans la*

- Mande yo kisa ki te bon, kisa yo te renmen
- Mande yo tou kisa yo pa te renmen, kisa ki ta merite chanje
- Pou fini mande patisipan yo bay seyans la yon nòt 1 = pa satisfè di tou ; 2 = plizou mwen satisfè; 3 Satisfè yon ti kras; 4 = satisfè ; 5 = Bon anpil, mwen kontan

7. Klote ak randevou (5 minit)

- Di patisipan yo mèsè pou patisipasyon yo epi envite yo bat bravo pou tèt yo.
- Mande yo di ki pwochen randevou nou genyen, ki jou, ki lè, ki kote.
- Ankouraje yo pou tout moun vini nan lè pou nou ka genyen kont tan pou lòt seyans la.



NÒT POU MOUN KAP MENNEN SEYANS SOU :PWOTEKSYON 4 SANTE MOUN KAP VIV AK JEM SIDA

